# Bozatawda «Xalq bank» filialınıń saltanatlı ashılıw máresimi bolıp ótti

Bozatawda zamanaǵoy arxitektura úlgisindegi AK «Xalq bank» filialınıń saltanatlı ashılıw máresimi bolıp ótti.

Ilájda sózge shıqqanlar bank filialınıń ashılıwı rayon ekonomikasınıń rawajlanıwına salmaqlı úles qosıwı menen birge, aymaqta óz biznesin baslaw niyetinde bolǵan isbilermenlerge qolaylı sharayat jaratıwı, qarıydarlarǵa tez hám sapalı xızmet kórsetiwi, qalaberse, bank kreditleri esabınan jańa jumıs orınların jaratıwı menen ayrıqsha áhmiyetke iye ekenligin atap ótti.

Image not found or type unknown

Ilajǵa rayon hákimi M.Kaypanov, AK«Xalıq bank» basqarıwı baslıǵınıń orınbasarları, bank hám qarjı wákilleri, isbilermenler hám keń jámiyetshilik wákilleri qatnastı.

Iláj dawamında qatnasıwshılar rayonnıń kórkine kórk qosıp turǵan imaratta bank qarıydarları hám xızmetkerler ushın jaratılǵan qolaylıqlar menen jaqınnan tanıstı.

Image not found or type unknown

Maǵlıwmat ushın, bank filialında puqaralar ushın 28 túrdegi bank xızmetleri kórsetilip, belgilengen wazıypalar boyınsha 18 xızmetker jumıs alıp baradı.

Bozataw rayonı hákimliginiń Málimleme xızmeti